



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE BAY 1 MILYON DOLA POU 12 PWOGRAM FÈM AGRIKÒL ALE LEKÒL

Yo te rezève finansman ki bat rekò pou pwogram nan pou ogmante itilizasyon pwodui alimantè lokal nan lekòl yo

Gen 219,471 elèv toupatou nan eta a ki benefisye li epi li soutni agrandisman pwogram NY Thursdays la

Gouvènè a pwopoze double finansman pwogram nan, nan bidjè eta a pou AF 2018-19 la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo bay 1 milyon dola pou 12 pwojè Soti nan Fèm Agrikòl Ale Lekòl (Farm-to-School) toupatou nan Eta New York. Pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl la ede lekòl yo depi nan kindègadenn jiska klas 12yèm ane etabli relasyon avèk kiltivatè lokal yo, mete plis manje lokal sou meni lekòl yo, amelyore sante elèv yo, e edike jèn yo sou zafè agrikilti. Gen 219,471 elèv nan sèt rejyon nan eta a ki pral benefisye pwojè yo. Pwogram nan sipòte agrandisman Pwogram NY Thursdays a, ki se yon inisyativ kantin nan lekòl yo ki sèvi ak pwodwi alimantè frèch ki sot nan fèm lokal yo, lè jedi pandan tout ane lekòl la.

“Investisman sa a kontinye efò nou yo pou ede Nouyòkè ki pi jèn nou yo aprann abitud alimantè ki bon pou lasante epi an menm tan li soutni endistri agrikòl eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram nan se yon viktwa pou tout moun nan kominote nou yo epi avèk 1 milyon dola nou bay pwojè yo toupatou nan eta a, n ap ede kreye yon New York ki pi solid, pi an sante.”

Yo te akòde finansman an pou distrik eskolè ak òganizasyon edikasyon ki sèvi elèv depi nan kindègadenn jiska 12èm ane. Yo pral itilize finansman an pou anboche kowòdonatè pou pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl la, bay anplwaye sèvis manje yo fòmasyon, bay edikasyon sou nitrisyon nan salklas ak kantin yo, achte ekipman pou ede nan preparasyon manje, epi ogmante kantite ak varyete pwodui agrikòl lokal yo, tankou fwi ak legim, nwa, ak epis, yo mete nan manje kantin lekòl yo.

Sa se premye tou nan finansman yo akòde a. Nan Diskou sou Eta Leta 2018 li an semèn sa a, Gouvènè Cuomo te pwopoze double investisman eta a nan pwogram nan

rive a 1.5 milyon dola. Si li pase, pwogram nan ap sèvi yon total apeprè 18 pwojè e 328,000 lòt elèv.

Pwojè ki te resevwa sibvansyon toupatou nan Eta a gen ladan yo:

Rejyon Lwès New York

- *Forestville School District: 81,820 dola*
Finansman an pral sèvi pou achte ekipman kizin pou preparasyon ak prezèvasyon pwodui agrikòl lokal yo. Anplis de sa, yo pral ajoute plis lè travay pou pèsònèl la pou fasilite acha pwodui agrikòl lokal yo ak operasyon nouvo ekipman ki fèt pou enkòpore pwodui agrikòl lokal yo nan meni lekòl yo apre sezon kilti ak rekòlt la. Gen 1,008 elèv nan 2 distrik eskolè ki pral benefisye pwojè a.
- *Erie County Cornell Cooperative Extension: 94,315 dola*
Finansman an pral sèvi pou anboche yon kowòdonatè Fèm Agrikòl Ale Lekòl pou etabli relasyon ant omwen 14 fèm ak lekòl nan kat distrik eskolè, pami yo Buffalo. Bi a se ogmante acha pwodui agrikòl lokal yo pa 40 pousan sou de lane. Gen 38,773 elèv nan 66 lekòl distrik la ki pral benefisye pwojè a.
- *Allegany County Cornell Cooperative Extension: 43,000 dola*
Finansman an pral sèvi pou ogmante acha ak itilizasyon pwodui agrikòl lokal yo. Sa pral gen ladan sansibilizasyon agrikiltè yo, evalyasyon pratik acha yo, analiz meni yo, aplikasyon yon Pwogram Rekòlt di Mwa (Harvest of the Month) ak degistasyon pou elèv yo. Pwojè a pral touche 7,685 elèv nan 12 distrik.

Finger Lakes

- *Foodlink, Inc.: 98,000 dola*
Finansman an pral sèvi pou enstale yon chenn pou tranche epi prezève pòm lokal yo pou mete yo nan repa eskolè yo. Chenn tretman an t ap pèmèt Foodlink travay avèk 50 pwodiktè pòm ak plizyè distrik eskolè, pami yo Vil New York, avèk 250,000 elèv potansyèl pou sèvi.
- *Seneca Cornell Cooperative Extension: 89,442 dola*
Finansman an pral sèvi pou apiye sou reyisit premye tou sibvansyon Fèm Agrikòl Ale Lekòl la ki prèske fini. Pami efò yo ap gen yon kanpay medya sosyal Fèm Agrikòl Ale Lekòl, fòmasyon pou pèsònèl apwovizyonman an nan lekòl yo, de seyans fòmasyon pou paran, reyinyon chak mwa avèk direktè sèvis alimantasyon eskolè yo ak yon pwogram NY Thursdays ki agrandi. Ap gen 3,886 elèv nan 13 lekòl nan kat distrik k ap benefisye pwogram nan.

Southern Tier

- *Broome-Tioga BOCES: 98,200 dola*
Finansman an pral sèvi pou ogmante acha pwodui agrikòl lokal yo, pi byen ekipe kantin yo pou prepare pwodui agrikòl lokal yo epi edike elèv yo sou manje lokal ki nan meni yo. Gen 21,455 elèv nan 10 distrik eskolè ki pral benefisye pwojè a.

- *Sidney Central School District: 58,783 dola*
Sidney Central School District pral nonmen yon kowòdonatè Fèm Agrikòl Ale Lekòl ak yon kowòdonatè adjwen pou achte pwodui agrikòl lokal yo pou yon Pwogram NY Thursdays. Gen 10,000 elèv ki pral benefisye pwogram nan, nan 10 distrik BOCES Delaware, Chenango, Madison, Otsego ap sèvi yo.
- *Steuben Cornell Cooperative Extension: 58,115 dola*
Cornell Cooperative Extension (CCE) nan Konte Steuben, an kolaborasyon avèk BOCES Gran Southern Tier la ak Asosyasyon Vilgarizasyon Koperatif (Cooperative Extension Associations) Konte Schuyler ak Chemung yo, planifye ogmante acha kilti espesyal lokal yo pou benefisye agrikiltè ak elèv ki nan Southern Tier la. Gen 28,907 elèv nan 21 distrik eskolè nan twa konte ki pral benefisye pwojè a.

North Country

- *St. Lawrence-Lewis BOCES: 79,615 dola*
Finansman a pral sèvi pou mete anplas izin pou transfòme lejèman epi prezève pwodui agrikòl 25 pwodiktè. Pwojè a pral touche 13 lekòl nan senk distrik eskolè, epi 18,557 elèv ap benefisye li.

Mohawk Valley

- *Oneida Cornell Cooperative Extension: 98,000 dola*
Finansman an pral sèvi pou apiye sou reyisit dezyèm tou pwojè sibvansyon an kote Konte Oneida te kolabore avèk CCE Konte Madison ak Herkimer yo ak BOCES Oneida-Herkimer-Madison nan pou idantifye epi achte plis pwodui agrikòl lokal. Pwojè sa a pral konsantre sou fòmasyon nan fè manje pou pèsonekòl kantin nan lekòl yo. Gen 56,000 elèv ak 37 distrik eskolè ki pral benefisye pwojè a.

Hudson Valley

- *Poughkeepsie Farm Project: 100,000 dola*
Finansman an pral sèvi pou ogmante kapasite ekip nitrisyon eskolè yo pou yo prepare epi prezève pwodui agrikòl lokal yo, pou ogmante kantite ak varyete pwodui agrikòl lokal yo achte pou repa eskolè yo epi pou mete sou pye yon kanpay Rekòlt di Mwa nan medya sosyal. Gen 15,200 elèv nan de distrik eskolè ki pral benefisye pwojè a.

Vil New York

- *New York City School District: 100,000 dola*
Finansman an pral sèvi pou apiye sou reyisit dezyèm tou pwojè sibvansyon an epi ogmante demann nan pou pwodui agrikòl lokal gras a edikasyon 18,000 elèv nan 15 lekòl nan kad degistasyon ak sòti pou vizite fèm yo.

Komisyonè Agrikilti Eta New York la (New York State Agriculture), Richard A. Ball, te di, “Inisyativ Fèm Agrikòl Ale Lekòl la se yon priorite pou Depatman an epi pou mwen pèsònèlman. Nan detwa ane sèlman, gras a angajman Gouvènè a nan agrikilti, nou ede distrik toupatou nan Eta a vin antre nan mouvman manje lokal la e sèvi plis manje midi ki abaz pwodui ki oswa pouse nan jaden lekòl yo a oswa pwodui yo achte nan men kiltivatè kominote yo a. Mwen anchante wè sa nouvo pwojè sa yo pral pote pou lekòl nou yo epi pou agrikiltè nou yo”.

Komisyonè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, “Tout sa nou manje gen efè sou sante nou ak byennèt nou. Lè nou ofri elèv yo manje nourisan, ki pwodui lokalman nan lekòl la sa kapab ede amelyore sante timoun nou yo, epi se egzakteman sa pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl la ap fè. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, pwogram sa a pral kontinye agrandi epi fè yon diferans pou timoun toupatou nan Eta New York”.

Komisyonè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York, RoAnn M. Destito, te di, “Finansman anplis la pou inisyativ Fèm Agrikòl Ale Lekòl Gouvènè Cuomo yo se yon trè bon nouvèl pou elèv yo nan New York ki pral gen plis opòtinite aprann sou abitud alimantè ki bon pou lasante epi konsome pwodui nourisan ki pwodui lokalman. Nou anchante tou poutèt 3.5 milyon dola fon USDA yo plis pase 270 distrik eskolè nan Eta a te konsakre pandan 2017-18 pou pwojè pilòt USDA a pou fwi ak legim ki pa transfòme. Pilòt la, ke OGS ap administre onon Eta a, bon pou elèv New York yo epitou pou kominote agrikòl li a”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare, “Lè nou bay manje fre ki pwodui lokalman nan lekòl nou yo sa non sèlman ofri timoun nou yo fwi ak legim nourisan yo bezwen yo, men sa agrandi mache a tou pou agrikiltè k ap travay di yo nan Eta New York. Mwen te fyè defann finansman sa a epi sa fè mwen plezi wè Eta New York kontinye ankouraje lekòl nou yo bati pi bon relasyon avèk agrikiltè nou yo epi entwodui manje ki bon pou lasante nan kantin yo”.

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te di, “Pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl yo se inisyativ ki kontinye apiye sou efò nou yo pou pouse pwodui agrikòl New York yo. Mwen rekonesan pou finansman pwogram sa yo ki ede elèv nou yo jwenn pi bon nitrisyon ansanm avèk opòtinite aprann sou agrikilti epitou mete agrikiltè nou yo an kontak avèk nouvo mache sa ki nan avantaj ni kominote nou yo ni ekonomi lokal la”.

Mark Bordeau, ki se Direktè Sèvis Manje, Broome-Tioga BOCES, te deklare, “Nou anchante anpil dèske yo chwazi nou kòm youn nan benefisyè sibvansyon sa a. Acha ak elaborasyon resèt manje ak pwodui alimantè lokal vin yon pati ki enpòtan anpil nan pwogram nou an pou elèv nou yo. Avèk kwasans demann nan, epi apwòch kreyatif yo pou devlope enfrastrikti a, nou kapab elabore yon pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl k ap reyisi epi dire. Nou apresye anpil ankadreman ki te disponib pou efò sa a, pou elèv nou yo, ak fèm lokal nou yo”.

Marty Broccoli, Direktè Devlopman Agrikilti a, Cornell Cooperative Extension nan Konte Oneida, te deklare, “Gras a finansman nou te resevwa nan kad pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and

Markets), nou te kapab anboche yon kowòdonatè Fèm Agrikòl Ale Lekòl rejyonal. Kòm nou te gen yon moun ki konsantre a plantan sou inisyativ enpòtan sa a sa te pèmèt nou aprann anpil sou kontra sèvis manje lekòl yo epi, gras a sa, nou idantifye kèk opòtinite ekselan pou agrikiltè nou yo vann dirèk”.

Depi lè Gouvènè a te lanse Pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl New York la an 2015, gen 1.85 milyon dola ki envesti nan pwogram nan pou soutni yon total 25 pwojè, 13 pwojè nan premye ak dezyèm tou a konbine, epi 12 nouvo pwojè nan dènye envestisman sa a 108 distrik eskolè nan Eta a benefisyè.

Pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la se yon eleman enpòtan nan efò Eta ap kontinye fè pou ogmante kantite pwodwi alimantè frèch, ki kiltive onivo lokal yo sèvi nan kantin lekòl yo epi konekte kiltivatè New York yo ak nouvo mache yo. Depi 2015, Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la se te youn nan patnè pwogram NY Thursdays ki pote pwodwi alimantè yo kiltive onivo lokal yo dirèkteman bay elèv ki nan lekòl Vil New York yo chak jedi. Nan mwa Septanm 2017, Gouvènè an te anonse te gen senk distrik eskolè nan Konte Broome ak Tioga ki te premye nan lanse pwogram NY Thursdays pa yo nan Nò Eta New York. Depatman Agrikilti a te òganize tou premye Somè Fèm Agrikòl Ale Lekòl li nan mwa doktòb 2017 pou mete an kontak plis pase 100 edikatè lekòl, manadjè pwogram apwovizyonman ak nitrisyon, ak reprezantan òganis eta ak federal nan Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la, Depatman Edikasyon Eta New York la (NYS Department of Education), Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la (NYS Office of General Services, OGS), ak Depatman Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture, USDA).

Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la rete yon patnè ki enpòtan anpil nan kad agrandisman pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl la yo atravè Pwojè Pilòt sou Fwi ak Legim yo pa Transfòmè (Unprocessed Fruit and Vegetable Pilot Project) USDA a. Kantite lekòl k ap patisipe pou ane eskolè 2017-18 la monte a 272 lekòl k ap sèvi plis pase 56.1 milyon repa kantin chak ane.

Anplis de asistans finansye a yo, resous edikasyon sou entènèt yo disponib a pou lekòl ak òganizasyon yo k ap participante aktyèlman nan yon inisyativ Fèm Agrikòl Ale Lekòl ak sila yo k ap chache mete pwogram lan an aplikasyon. [Pote Pwodwi Alimantè Lokal nan Lekòl New York yo \(Getting Local Food Into New York State Schools\)](#), se yon twous pou gide lekòl yo atravè tout pwosesis nan kad apwovizyonman pwodwi alimantè lokal la yo. Anplis de sa, [Twous Sezon Rekòt Mwa \(Harvest of the Month toolkit\)](#) ofri estrateji pou kòmanse epi fè pwomosyon pou kanpay Sezon Rekòt Mwa a, yon kanpay ki mete aksan sou yon diferan pwodwi alimantè ki kiltive onivo lokal ki nan kafeterya lekòl la chak mwa atravè materyèl edikasyonèl ak aktivite tankou afich, demonstrasyon sou kijan pou kwit manje, ak tès gistatif yo. Ou ka jwenn resous sa yo sou sitwèb Fèm Agrikòl Ale Lekòl Eta a [isit la](#).

Pwogram Fèm Agrikòl Ale Lekòl la finance gras a Bidjè Eta New York la pou AF 2017-2018 la ak Pwogram Global Kilti Espesyal (Specialty Crop Block Program) Depatman Ameriken Agrikilti a. Yo te anonse l pou lapremyè fwa an 2015 kòm rezilta pwogram Kapital pou yon Jounen Gouvènè a nan Rochester a (Governor’s Capital for a Day in Rochester) kote otorite leta yo te rankontre ak patnè lokal yo pou yo egzamine bezwen distri lekòl yo ak kijan pou rann li pi fasil pou yo achte pwodwi alimantè lokal yo.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Soti nan Fèm Agrikòl ale Lekòl lan, tanpri klike [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418